




Home Link - Haitian Creole

**(Lyen Lakay) Inite 4: Monn Koulè Yo: Semèn 2**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou koulè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

AMIZE N!

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>Mwen wè Kèk Koulè Andedan: Mande pitit ou an pou l jwe yon jwèt devinèt avè w. Di pitit ou an, «Mwen wè ak ti je mwen yon bagay ____ (ble)». Mande pitit ou an pou l devine sa w wè a. Apre sa, mande pitit ou an pou l pran tou pa l kòm "Espyon" an.</p>	<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Lachas Motif: Chèche 3 motif diferan lakay ou epi pale ak pitit ou an sou ki jan chak motif repete.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki sa w remake nan motif sa a? ● Ki jan motif la repete? (Pa egzanp, [wouj, ble], [wouj, ble], [wouj, ble].) ● Ki sa ki vin aprè? (pa egzanp "Wouj-ble vin apre.")
<p style="text-align: center;"><u>Rakonte Istwa</u> (Anrapò ak <i>Nana in the City</i> ekriven: Lauren Castillo.)</p> <p>Ou Santi W Brav: Rakonte pitit ou an yon istwa lè w te santi w brav epi jwe wòl la ansanm.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kilè w santi w brav? ● Pou ki sa w te santi w konsa? 	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u> (Anrapò ak liv: <i>Nana in the City</i> ekrive: Lauren Castillo)</p> <p>Kat trezò: Envite pitit ou pou l desine yon kat trezò epi pou l di w kichò w sou li. Si pitit ou an bezwen èd, fè kat la ansanm.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki kote trezò a ye? ● Se ki jan kat la ede n jwenn li? ● Se ki jan kat ou an menm osinon diferan ak yon kat metro (tren)?
<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li Ansanm</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? 	<p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Kat, trezò, lokal, kache

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou mond lan nan koulè!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Nana in the City ekriven: Lauren Castillo

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

White Rabbit's Colors ekriven: Alan Baker
Pete the Cat: I Love My White Shoes ekriven: James Dean

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Brave (Brav)** vle di lè yon moun pa montre l pè oswa lè li santi l gen pisans.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Se ki jan Nana a (grann nan) te ede ti gason an santi l pi pisan?”